



## Kisa m ka fè si yo arete m oswa kenbe m?



### Sonje byen

- Ou gen dwa pou w rete **an silans**.
- Ou gen dwa pou w **pale ak yon avoka**.
- Ou pa oblige **siyen okenn dokiman ni reponn okenn kesyon** anvan ou pale ak yon avoka.

Ou gen **dwa mande yon entèprèt** pou nenpòt konvèrsasyon ak ICE, oswa nenpòt randevou oubyen odyans yo ba ou. Ou ka di:  
**"I need an interpreter."**  
(Mwen bezwen yon entèprèt).

Lè yo detni w, **w ap gen opòtinite pou w rele** fanmi w, zanmi w, lidè nan kominote a, oswa avoka w.

Ou ka di ICE si w gen **pwoblèm medikal** oswa si w bezwen fè **aranjman pou gadri timoun**.

Nan detansyon, **ou ka resevwa vizitè**, tankou fanmi w, zanmi w, lidè kominotè w ak avoka w. Remake byen ke **chak prizon gen pwòp règleman li ke vizitè yo** dwe li davans.



- Si ajan ICE yo ap eseye pale avè w oswa arete w, kòmanse oswa kontinye anrejestreman an ka mete w an danje.
- Sepandan, **moun nan kominote a ka anrejestre ICE**, depi yo pa entèfere ak ofisye yo.
- Ou ka pataje ak avoka w nenpòt nòt odyo, vidéyo, oswa ekri sou arrestasyon w lan ki soti nan men ou oswa yon moun ki te wè arrestasyon w lan



## Kisa m ka fè si yo arete m oswa kenbe m?

### Si ou oswa yon pwòch ou riske depòtasyon:



**Organize dokiman ou yo** epi mete yo nan yon kote ki an sekirite kote kontak ijans ou yo ka jwenn yo.



**Chwazi yon kontak ijans epi aprann nimewo telefòn li pa kè.** Yon kontak ijans kapab yon moun ou fè konfyans tankou yon manm fanmi w, yon zanmi, yon lidè nan kominate a, oswa yon avoka.



**Chwazi yon gadyen legal rezèv: yon moun ou fè konfyans pou pran swen ptit ou si yo ta mete ou nan prizon.** Gadyen legal rezèv la gen pouwwa pou pran desizyon enpòtan pou yon timoun ki anba swen li, tankou gwo desizyon medikal ak desizyon sou kote timoun nan prale lekòl.

**Eksploré opsyon legal ou yo. Pale ak yon avoka ou fè konfyans epi evite fwod.**

**Liy Dirèk Sipò Legal Imigrasyon MOIA. Entèpretasyon Disponib**



**1-800-354-0365**

**Lendi rive Vandredi, 9AM pou 6PM**

### Sonje byen:

- Lalwa sou imigrasyon konplike anpil. Fè atansyon ak magouyè ki bay fo pwomès oswa moun ki pa gen lisans k ap fè poz bay sèvis legal imigrasyon.
- Yon notè piblik ki pa yon avoka ki gen lisans pa ka ranpli oswa depoze fòm imigrasyon pou ou. Yo pa dwe ba ou konsèy legal non plis .